# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 फरवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में आयोजित यूपी के प्राथमिक क्षेत्रन में ऋण संभाव्यता पर राज्य ऋण संगोष्ठी आ राज्य फोकस पेपर दुई हजार छब्बीस–सत्ताइस के विमोचन कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि यूपी 'विकसित भारत' के साथे 'विकसित उत्तर प्रदेश' अउर 'आत्मनिर्भर भारत' के साथ 'आत्मनिर्भर उत्तर प्रदेश' के लक्ष्य के हासिल करी। उहां के कहलीं कि ई क्रेडिट, संगोष्ठी, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के विजन के हिसाबि से बरिस दुई हजार सत्ताइ में भारत के तिसरका बड़हन अर्थव्यवस्था के तौर पर स्थापित कइलें अउर बरिस दुई हजार ओन्तीस–तीस में उत्तर प्रदेस के वन ट्रिलियन की इकोनॉमी बनावे में सहायक सिद्ध होई। श्री योगी इहो कहलें कि आजु उत्तर प्रदेस इथेनॉल उत्पादन में देश में नंबर एक हौ। चीनी उत्पादनों में उत्तर प्रदेस देस में पहिला जगहि पर हौ।

**96 लाख एमएसएमई यूनिट्स यूपी के अंदर कार्य कर रहे हैं, 3 करोड़ परिवार अपनी आजीविका के लिए इसी सेक्टर पर निर्भर कर रहा है क्योंकि यह तब संभव हो पाया जब सरकार ने उसकी ब्रांडिंग की। वन डिस्ट्रिक्ट वन प्रोडक्ट के रूप में। उसको टेक्नोलॉजी के साथ जोड़ा, मार्केट से जोड़ा, पैकेजिंग के साथ जोड़ा, डिजाइनिंग के साथ जोड़ा। आज परिणाम है हम सबके सामने।**

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने 'परीक्षा पे चर्चा' कार्यक्रम के 9वां संस्करण के जरिया से देसभर के छात्रन से जुड़िहें। उनकरे चिन्ता के सुनिहें अउर ओनकर समाधान करिहें, ओहीं प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान के परीक्षा पे चर्चा लेख के साझा कइलें। उहां के कहलीं कि ई लेख बतावे ला कि कइसे ई पहल एगो जन आन्दोलन में बदल गइल, जवन भारत के सैक्षिक यात्रा में एगो निरणायक मोड़ ला दिहलस अउर बिकसित भारत क राह असान कइलस ।

**********

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य केन्द्रीय बजट– दुई हजार छब्बीस–सत्ताईस क विकासोन्मुखी बजट बतवले हवें। आजु फतेहपुर में एगो पत्रकार वार्ता में उहां के केन्द्रीय बजट क सराहना करत कहलीं कि ई बजट आत्मनिर्भर के दिसा में एगो मजबूत अउर दूरदरसी कदम हौ, जवन भारत के आरथिक अउर समाजिक तौर पर मजबूत बनावे क क्षमता रक्खेला। श्री मौर्य कहलें कि ई बजट निवेस उद्यमिता अउर उत्पादकता के नया गति देवे वाला हौ। भारत एगो उभरत आर्थिक शक्ति–केंद्र के रूप में वैश्विक मंच पर आपन पहिचान अउरियों मजबूत करी।

**********

संघ लोक सेवा आयोग सिविल सेवा परीक्षा–दुई हजार छब्बीस के कालि्ह जारी अधिसूचना में पहिले से सिविल सेवा में कार्यरत ओम्मेदवारन के पात्रता अउर कोसिस से जुड़ल नियमन के अउरियों बेसी फरिया के अउर बड़हन तौर पर निरधारित कइले हवे। संसोधित नियम, खास तौर से भारतीय प्रशासनिक सेवा, भारतीय पुलिस सेवा, भारतीय विदेस सेवा अउर ग्रुप – ए क अउरियो सेवा पर केन्द्रित हौ। ई नियम फरियावे लें कि कउने फेरा में अइसने ओम्मेदवारन के फेर से परीक्षा में सामिल भइले क अनुमति होई आ नाही। सिविल सेवा परीक्षा– दुई हजार छब्बीस खातिर ऑनलाइन आवेदन upsc.gov.in पर सुरू हो चुकल हवे। आवेदन कइले क आखिरी तारीख चउबीस फरौरी हौ।

**अधिसूचना के अनुसार जो उम्मीदवार पूर्व में किसी परीक्षा के माध्यम से भारतीय प्रशासनिक सेवा या भारतीय विदेश सेवा में कार्यरत हैं, वे सिविल सेवा परीक्षा– दो हजार छब्बीस के लिए पात्र नहीं होंगे। अगर कोई उम्मीदवार सिविल सेवा की प्रारम्भिक परीक्षा– दो हजार छब्बीस में उत्तीर्ण होने के बाद लेकिन मुख्य परीक्षा शुरू होने से पहले भारतीय प्रशासनिक सेवा या भारतीय विदेश सेवा में नियुक्ति प्राप्त करता है तो उसे मुख्य परीक्षा में शामिल होने की अनुमति नहीं दी जाएगी। अगर नियुक्ति मुख्य परीक्षा शुरू होने के बाद लेकिन अंतिम परिणाम की घोषणा से पहले होती है तो उम्मीदवार पर सिविल सेवा परीक्षा– दो हजार छब्बीस के माध्यम से किसी सेवा के लिए विचार नहीं किया जाएगा। समाचार कक्ष से मैं सरफिरोजी।**

**********

श्री काशी विश्वनाथ धाम में महाशिवरात्रि के लेके खास तैयारी कइल जा रहल बा। श्री काशी विश्वनाथ मंदिर न्यास, पंन्द्रह फरवरी को होखे वाली पूजा–आरती क समय जारी कई दिहलस। एक रिपोर्ट–

**महाशिवरात्रि पर मंगला आरती प्रातः 2 बजकर 15 मिनट से प्रारंभ होगी, जबकि मंदिर प्रातः 3 बजकर 30 मिनट पर दर्शनार्थियों के लिए खोल दिया जाएगा। मध्याह्न भोग आरती प्रातः 11 बजकर 40 मिनट से शुरू होगी। महाशिवरात्रि पर चारों प्रहर की विशेष आरती भी संपन्न होगी, जिसमें रात्रि से प्रातः तक श्रद्धालुओं को बाबा विश्वनाथ के दर्शन का अवसर मिलेगा। वाराणसी से मनीष सिंह की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से अरुण।**

**********

मौसम विभाग प्रदेस में आजु मौसम सुक्खल रहले क आगम जतवले हौ। विभाग प्रदेस के पूर्बी हिस्सन में बिहने कुछु जगहिन पर घना कुहेसा पड़ले क ऐलो अलर्टो जारी कइले हवे। मौसम विभाग अड़तालिस घंटा में अधिकत्तम तापमान में दुई से तीन डिग्री सेल्सियस क बढ़ोत्तरी क आगम जतवले हवें

**********